# MEKTEPKE SHEKEMGI JASTAǴI INTELLEKTINDE KEMSHILIGI BOLǴAN BALALARDI OQITIW HÁM TÁRBIYALAW

**Kudaynazarova Dianura Kannazar qizi**
*Ájiniyaz atındaǵı NMPI Pedagogika tálim baǵdarı talabası*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.15080034

***Annotaciya.*** *Bul maqalada mektepke shekemgi jastaǵı intellektinde kemshiligi bolǵan balalardı oqıtıw hám tárbiyalaw haqqında maǵlıwmatlar berilgen.*

***Tayanısh túsinikler:*** *mektepke shekemgi tálim, pedagogika, tárbiya, metod, arnawlı pedagogika, korrekciya, sociallastırıw.*

Ózbekstan Respublikasınıń "Bilimlendiriw haqqında"ǵı Nızamı hám "Kadrlar tayarlaw milliy baǵdarlaması" talapları tiykarında jaslardı jetik insan, bárkamal shaxs etip tayarlaw, úzliksiz bilimlendiriw sistemasınıń barlıq basqıshlarında joqarı mánawiyatlı shaxstı qáliplestiriw pedagogikalıq mashqala sıpatında úyrenilmekte [1.29]. Xalqımızdıń ullı oyshılları Imam al-Buxariy, At Termiziy, Abu Nasr Farabiy, Abu Rayxan Beruniy, Abu Ali ibn Sino, Yusuf Xas Hajib, Alisher Nawayı shıǵarmalarında shıǵıs mádeniyatı hám jetik insandı tárbiyalaw mashqalaları óz kórinisin tapqan. Insandı ulıǵlaw, onı qádirlew, ásirese, ósip kiyatırǵan jas áwladtı ruwxıy-ádep-ikramlılıq jaqtan tárbiyalaw, olardı kamalǵa keltiriwde jetik ilimpazlarımız bir qansha jumıslardı ámelge asırmaqta. Bul baǵdarda qaraqalpaq xalıq pedagogikasınıń imkaniyatları da oǵada úlken.

Arnawlı mektepke shekemgi pedagogika - bul nuqsanlar yamasa ruwxıy rawajlanıwında kemshiligi bolǵan balalardıń arnawlı bilim beriw procesin shólkemlestiriw formaları, metodları, principleri, nızamlıqları mazmunın úyrenetuǵın pán. Arnawlı mektepke shekemgi pedagogikanıń obiyekti ayrıqsha bilimlendiriw mútájlikleri bar balalardıń mektepke shekemgi bilimlendiriwi esaplanadı. Arnawlı mektepke shekemgi pedagogikanıń predmeti nuqsanlı yamasa rawajlanıwında kemshiligi bar hám mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń rawajlanıwı, tálim-tárbiyası máselelerin teoriyalıq hám ámeliy úyreniw bolıp tabıladı. Bunda, tárbiyası hám jumıs reakciyalıq-pedagogikalıq járdemin úyreniwge baǵdarlanǵan subyekt óz aldına bilimlendiriw mútájliklerine iye mektepke shekemgi jastaǵı bala shaxsı esaplanadı.

Arnawlı mektepke shekemgi pedagogikanıń wazıypaları tómendegilerden ibarat:

1. Nawqas hám rawajlanıwında kemshiligi bolǵan kishi, erte hám mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń rawajlanıwı, tálim-tárbiyasınıń teoriyalıq hám metodologiyalıq tiykarların islep shıǵıw, úyreniw;

2. Arnawlı mektepke shekemgi bilimlendiriwdiń milliy sistemasın rawajlandırıw jolların anıqlaw;

3. Nawqas hám rawajlanıwında kemshiligi bar mektepke shekemgi jastağı balalardıń bilimlendiriwi hám tárbiyasına, differencial diagnozına teoriyalıq qatnasın islep shıǵıw;

4. Mektepke shekemgi jastaǵı nuqsanlar hám rawajlanıwında kemshiligi bolǵan balalardıń tálim-tárbiyasında pedagogikalıq texnologiyalardı islep shıǵıw;

5. Arnawlı mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemeleriniń hár bir túri boyınsha anıq baǵdarlamalardı dúziw jolların islep shıǵıw;

6. Arnawlı bilimlendiriwdi shólkemlestiriwdiń hár túrli formaların izlew hám islep shıǵıw;

7. Rawajlanıwında psixikalıq kemshilikleri bolǵan mektepke shekemgi jastaǵı balalar menen korrekciyalıq-pedagogikalıq jumısqa oqıtıwshı-defektologtı tayarlaw ushın zárúr oqıw-metodikalıq bazanı jaratıw. .[2.47]

Arnawlı mektepke shekemgi tarbiyanıń tiykarǵı maqseti – mashqalalı balanıń maksimal imkaniyatları hám maksimal rawajlanıwı ushın sharayatlar jaratıw hám onı erte arnawlı tálim quralları menen sociallastırıw bolıp tabıladı.

Arnawlı mektepke shekemgi bilimlendiriw mektepke shekemgi jastaǵı balalardı rawajlandırıwǵa baǵdarlanǵan, ulıwma, arnawlı hám pedagogikalıq-psixologiyalıq talaplarǵa súyenedi. Ulıwma talaplar jeke psixologiyalıq ózgesheliklerdiń keyingi jas dáwirine ótiwde jańadan payda bolıwın hám shárt sharayatınıń qáliplesiwi bolıp esaplanadı. Hár qıylı kemshilikleri bar balalardıń psixologiyalıq qásiyetlerin rawajlandırıwdı názerde tutıwshı adekvat sharayatlardı jaratıw arnawlı talaplarǵa kiredi.

Olar psixikalıq procesler, oylaw, este saqlaw hám bala iskerligin korrekciyalaw arqalı, ondaǵı kemshilikti kompensaciyalaw, sonday-aq, sociallastırıw arqalı ámelge asırıladı. Korrekciya (latınsha correction - dúzetiw) - bul pedagogikalıq-psixologiyalıq hám emlewshi ilajlar sisteması bolıp, balalar minez-qulqı hám rawajlanıwındaǵı psixofeologiyalıq kemshiliklerdi jumsartıw yaki saplastırıwǵa baǵdarlanadi.

Kompensaciya (latınsha compensation - ornın tolıqtırıw, teńlestiriw) - bul quramalı kóp qırlı process bolıp, joytılǵan yaki buzılǵan funkciyalardı tiklew hám almastırıw, sonday-aq, ornın toltırıwdı óz ishine aladı. Kompensaciya procesiniń rawajlanıwı nátiyjesinde jaraqatlar sebepli kelip shıqqan kemisliktiń ornı ol yamasa bul dárejede toltırıladi.

Sociallastırıw - bul, birinshiden, sociallıq ańlaw, sociallıq oqıw, sociallıq beyimlesiw hám sociallıq qorshap turǵan haqıyqatlıqta ózin-ózi ańlawdı óz jumısına alatuǵın, individual tárepinen sociallıq kónlikpelerdi jedel ózlestiriw procesi hám

nátiyjeleri bolıp tabıladı. Ekinshiden, bul insannıń hár qıylı sociallıq birliktegi sociallıq qatnasıqlarǵa kiriwi, olar tárepinen mádeniyat elementlerin, sociallıq normalar hám qádiriyatlardı insan minez-qulqınıń qáliplesiwinde qatnasatuǵın ózin-ózi ańlaw hám jeke sıpatlardı ózlestiriw bolıp esaplanadı.

Mektepke shekemgi korrekciyalıq pedagogika pániniń metodları - ádebiyatlardı úyreniw hám talqılaw, baqlaw, sáwbet- eksperiment (bilim beriw qadaǵalawı), alınǵan maǵlıwmatlardı talqılaw hám túsindiriw, medicinalıq, psixologiyalıq-pedagogikalıq hújjetlerdi úyreniw, sorawnama, bala iskerligi nátiyjelerin talqılaw hám basqalar. Bul metodlardıń tańlawı balanı psixologiyalıq-pedagogikalıq úyreniw wazıypaları hám maqsetlerin qoyıwda onı sociallıq rawajlandırıw sharayatında hám korrekciyalıq-rawajlandırıwshı tásir usılların tańlawda anıqlanadı.

Normativlik-huqıqıy hújjetlerde arnawlı bilimlendiriw sistemasına tiyisli balalar kontingentin belgilewshi bir qansha túsinikler qollanıladı. Bular: "Rawajlanıwında kemisligi bar balalar," "psixologiyalıq rawajlanıwında kemisligi bar balalar," "ayrıqsha bilimlendiriwge mútájligi bar balalar." Bul terminlerdiń barlıǵı arnawlı qollanıw tarawlarına iye. Rawajlanıwında kemisligi bar balalar - bul hár qıylı yamasa birneshe analizatorlar jumısınıń buzılıwı nátiyjesinde (kóriw, esitiw, sóylew) psixofizeologiyalıq rawajlanıwı artta qalǵan, sonday-aq, oraylıq nerv sistemasınıń organikalıq jaraqatlanıwı nátiyjesinde rawajlanıwdan artta qalǵan balalar. Bul atama psixologiyalıq-pedagogikalıq ádebiyatta arnawlı bilimlendiriwge mútáj balalar ushın keń qollanıladı [3.53].

Psixofizikalıq rawajlanıwında kemshiligi bar balalar - joqarıda sanap ótilgen kemshiliklerge iye boladı, biraq olardıń sáwleleniwi olardıń imkaniyatları psixofizikalıq rawajlanıwında kemshiligi bar balalar sıyaqlı keskin sheklengen emes. Psixologiyalıq-pedagogikalıq ádebiyatta bul túsinikler menen funkcional xarakterdegi psixofizikalıq kemshilikleri bar balalar da belgilenedi. Óz aldına bilimlendiriwge mútájligi bar balalar - bunday balalar ulıwma bilim beriw mektepke shekemgi mákemelerde hám arnawlı mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde shólkemlestiriletuǵın arnawlı bilimlendiriw metodları hám arnawlı korrekciyalıq qollap-quwatlawǵa mútáj boladı. Bul atama arnawlı bilimlendiriw tarawında keń qollanıladı.

Aqılıy rawajlanıwdıń jetispewshiligi. Bunda tiykarǵı keri faktorlar bul qızıǵıwshılıqtıń (orınirovka) tómenligi hám balanıń jańalıqtı jaqsı ózlestire almawı. Bul aqılı zayıplıqtıń ishki biologiyalıq (yadro) belgisi (Vigotskiy L.S., 1983-jil). Oligofreniya bala ómiriniń dáslepki dáwirinde yamasa hámile rawajlanıwınıń túrli basqıshlarında oraylıq nerv sistemasınıń (tiykarınan bas miy úlken yarım sharları

qabığınıń) zıyanlanıwı nátiyjesinde kelip shığıwı sebepli, aqlıy rawajlanıwı awır balalardıń dáslepki rawajlanıw sıpatları kelip shığadı [4.427].

Aqılı ázzi balanıń rawajlanıw nızamlıqları normal balanıń rawajlanıw nızamlıqlarına uqsas bolıp ótetuǵını belgili. Sonıń ushın aqılı ázzi balalardı da ulıwma qabıl etilgen jas dáwirlerine bóliw múmkin. Bunda aqılı hálsiz balalardıń ómir dáwirleri de shártli túrde nárestlik, dáslepki jas hám mektepke shekemgi tárbiya, mektep jasına bólinedi. Nárestelik dáwiri (2 aydan 1 jasqa shekem). Aqılı ázzi balanıń rawajlanıwı onıń birinshi jas dáwirinen-aq normal balalardıń rawajlanıwınan parıq qıladı. Kópshilik oligofren balalarda moynın tutıw, otırıw, turıw, júriw sıyaqlı jaǵdaylardıń rawajlanıwı keshigip qaladı.

Aqılı ázzi balalardıń átirapqa bolǵan qızıǵıwshılıǵınıń tómenligi, kóp nársege biypárwalıǵı baqlanadı. Normal bala bir aylıqqa tolǵan úlken jastaǵı adamnıń júzine, reńli hám jaltıraq zatlarǵa uzaq waqıt tigilip turadı. Sonday-aq, adamlar bir jerden ekinshi jerge jıljıǵanda olardı kózi menen baqlap turadı. Aqılı zayıp balalarda bolsa bul jaǵdaylar rawajlanbaǵan boladı. Sonın ushın balalar ómiriniń birinshi kúnlerinen-aq olarda kóriw hám esitiw qábiletin rawajlandırıw zárúr. Kóriw qábiletin hám esitiw qábiletin rawajlandırıw balalardıń ulıwma ósiwi ushın, átiraptaǵılar menen qatnasıqta bolıwı, óz emociyasın bildiriwi hám háreketleniwi ushın úlken áhmiyetke iye.

Bul dáwirde balalardı hár túrli seslerge, úlkenlerdiń sózine, muzika ásbabınıń sesine qulaq sala biliwin rawajlandırıp barıw kerek. Aqılı zayıp bala birinshi jasaw dáwirinde tanıs hám basqa adamlardı ajırata almaydı. Bul dáwirde bala ildirip qoyǵan zattı uslap alıwǵa, onı bekkem uslap turıw ushın qolın sozıwǵa háreket etedi. Aqılı zayıp balada bul procesler bul dáwirde rawajlanbaǵan boladı. Al aqılı zayıp balalardıń sózi normal rawajlanıp barmaydı. Balanıń tili shıǵıwına jaqınlasıwı sonda kórinedi, bala tez-tez hár qıylı sóz buwınların aytıwdı baslaydı.

Fizikalıq imkaniyatlardıń hám psixikalıq proceslerdiń qáliplesiwindegi senzitiv dáwir ótip ketedi. Sebebi balalardıń háreketi, eńbeklewi dene bulshıq etleriniń ósiwine hám háreketlerdiń muwapıqlasıwına járdem beredi. Kishi jastaǵı balalar (1 jastan 3 jasqa shekem). Bul dáwirde normal balalar 2 jasında júre baslaydı. Ayırım aqılı hálsiz balalar da bul jasta júriwi múmkin. Biraq kópshilik aqılı zayıp balalarda júriw háreketleri júdá kesh rawajlanadı. Ayırım balalarda 3 jaslardıń aqırına kelip ǵana júriw jaǵdayları baqlanadı. Aqılı zayıp balalardıń háreketi normal balalardıń háreketinen parıq qıladı. Olarda qolaysız qádem taslaw, áste háreketlerdi baqlaw múmkin.

Solay etip, aqılı zayıp bala rawajlanıwında normal bala rawajlanıwındaǵı basqıshlardı basıp ótedi. Bala ósip barıwı menen onıń psixikalıq funkciyalarında sapa

ózgerisleri júz beredi. Sonıń ushın aqılı zayıp bala baqsha jasındaǵı aqılı zayıp baladan, baqsha jasındaǵı aqılı zayıp bala mektep jasındaǵı aqılı zayıp baladan parıqlanadı. Arnawlı baqshaǵa qabıl etiletuǵın balalar sociallıq-turmıslıq beyimlesiwge iye bolıwı ushın joqrı bilimge iye pedagoglar ham ata-analardan itibar hám mehir muhabbat talap etiledi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. O‘zbekiston Respublikasining “Ta’lim to‘g‘risida”gi Qonuni //Barkamol avlod – O‘zbekiston taraqqiyotining poydevori. – T.: Sharq nashriyot matbaa konserni, 1997. – 20-29-b.
2. “Korreksion pedagogika va logopediya” Toshkent “Iqtisod moliya” 2007.
3. Maxsus pedagogika / L.P. Mo‘minova va boshq. O‘zbekiston Respublikasi Oliy va o‘rta maxsus ta’lim vazirligi, Nizomiy nomidagi Tosh kent Davlat pedagogika un-ti. – Toshkent: Noshir, 2012, 2016. – 128 b
4. Predagogika teoriyası . A.Pazilov, Q.Qosnazarov, Q.Seytnazaov, Z.Qurbaniyazova- Toshkent: Noshir, 2018.
5. Salimatdinovna, A. N. (2024). BOSHLANG ‘ICH TA’LIMDA MATN USTIDA ISHLASH ORQALI O ‘QUVCHILAR NUTQINI VA MUSTAQIL FIKRLASH QOBILIYATINI O ‘STIRISH. *Science and innovation*, *3*(Special Issue 50), 268-270.
6. Ongarbaevna, A. P. (2023). EDUCATIONAL MOTIVATION AS A PSYCHOLOGICAL AND PEDAGOGICAL PROBLEM. *The American Journal of Social Science and Education Innovations*, *5*(09), 107-110.